

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana sastra), karakteristik tokoh dumasar psikologi perkembangan (oprasional formal) nu ngawengku tumuwuhna fungsi fisik, merenahna fungsi-fungsi psikis, jeung usaha subjék nu patali jeung poténsial jasmani rohani, jeung ajén atikan karakter (18 ajén atikan karakter nurutkeun Kemendikbud). Data dina ieu panalungtikan mangrupa sakabéh carita nu aya dina novelét *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati, utamana nu aya patalina jeung struktur novelét *Pohaci Nawang Wulan*, karakteristik tokoh dumasar psikologi perkembangan dina novelét *Pohaci Nawang Wulan*, jeung ajén atikan karakter dina novelét *Pohaci Nawang Wulan*. Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta: 1) tiori struktural Robert Stanton, nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra; 2) tiori psikologi perkembangan Jean Piaget nyaéta psikologi perkembangan dina tahap oprasional formal, sarta dina nalungtik psikologi perkembangan dideudeulan ku tiori perkembangan Kartini Kartono nu ngawengku tilu hal, tujuanna pikeun nalaah tahap oprasional formal, éta tilu hal téh ngawengku: a) tumuwuhna fungsi fisik; b) merenahna fungsi-fungsi psikis; jeung c) usaha subjék nu patali jeung jasmani rohani; jeung 3) tiori ajén atikan karakter nurutkeun Kemendikbud nu ngawengku 18 ajén atikan karakter: a) *religius*; b) *jujur*; c) *toléransi*; d) *disiplin*; e) *kerja keras*; f) *kréatif*; g) *mandiri*; h) *demokratis*; i) *rasa ingin tahu*; j) *semangat kebangsaan*; k) *cinta tanah air*; l) *menghargai prestasi*; m) *bersahabat/komunikatif*; n) *cinta damai*; o) *gemar membaca*; p) *peduli lingkungan*; q) *peduli sosial*; jeung r) *tanggung jawab*. Métode jeung téhnik nu dipake dina ieu panalungtikan téh, nyaéta métode deskripstif analisis kalayan pamarekan kualitatif, sedengkeun instrumén nu digunakeunna kabagi jadi dua nyaéta instrumén ngumpulkeun data jeung ngolah data.

Struktur carita dina novelét *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati kapaluruh ayana téma, fakta carita jeung sarana sastra. Téma nu diangkat dina ieu novelét nyaéta ngeunaan kahirupan hiji budak awéwé nu pahatu-lalis, nu masih

sakola di SD ogé éta budak téh mibanda sawatara préstasi jeung ahlak anu hadé. Éta hal bisa katiten tina sababaraha pasualan-pasualan anu dikumpulkeun jeung dianalisis. Saterusna ieu novelét téh miboga runtuyan atawa galur anu lempeng atawa merele. Éta hal katiten tina unggal kajadian-kajadian anu ngaruntuy.

Palaku-palaku nu aya dina ieu novelét téh jumlahna aya 25 palaku, sedengkeun nu jadi palaku utamana hiji nyaéta Pohaci Nawang Wulan nu nenehna Cici. Satuluya latar dianalisis kabagi jadi tilu, aya latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial budaya. Latar tempat anu kapanggih aya 18 latar tempat saperti imah, sakola, jalan, jrrd. Latar waktu nu kapanggih aya 13 latar saperti, peuting, soré, maleman takbiran, jrrd. Latar sosial/budaya nu kapanggih aya tilu latar nyaéta latar sosial budaya bulan puasa/Romadon, Ulin sabada tarawehan, jeung malem takbiran.

Judul dina ieu novelét geus ngagambarkeun eusi anu aya di jero novelét, keur mah judul nu dipaké téh ngaran palaku utama dina éta novelét. Saterusna puseur implengan nu dipaké ku pangarang nyaéta puseur implengan jalma katilu. Aya sawatara hal nu jadi tinimbangan dina nangtukeun puseur implengan, salah sahijina nyaéta nu nyaritakeunna ku cara nyebutkeun ngaran palaku. Anu pamungkas nyaéta gaya basa. Gaya basa anu digunakeun ku pangarang ogé kawilang basajan, éta hal katitén tina basana nu babari kahartina. Anapon kapanggih tilu gaya basa dina ieu novelét nyaéta gaya basa mijalma, kadalon, jeung lalandian. Kapanggih ogé hiji babasan nyaéta “hampang birit”.

Karakteristik tokoh dumasar kana pamarekan psikologi perkembangan dina novelét barudak *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati nu paling dominan kapanggih dina merenahna fungsi-fungsi psikis. Anapon karakteristik dina tumuwuhna fungsi fisik kapanggih aya opat karakteristik nu kapanggih, nyaéta; 1) awakna leutik; 2) ngaronjatna kakuatan otot; 3) resep barangdahar; jeung 4) ditiung. Éta opat hal téh digambarkeun ku tokoh Pohaci nu memang umurna sabelas taun. Nilik kana perkembangan budak dina umur sabelas taun, éta karakteristik dina tumuwuhna fungsi fisik téh saluyu jeung budak umur sabelas taun.

Satulunya karakteristik ditilik tina merenahna fungsi-fungsi psikis. Dina ieu novelét kapanggih dua belas karakteristik merenahna fungsi-fungsi psikis dina

umur budak sabelas taun. Éta dua belas karakteristik merenahna fungsi-fungsi psikis téh, nyaéta: 1) narima pamikiran batur; 2) miboga tujuan; 3) bisa narima kana takdir; 4) ngaragangan ditanya ku bibi jeung emangna (ngabéréskeun hiji pasualan); 5) ngajénan kolot; 6) ngalakonan pagawéan nu mangpaat; 7) Hideng kana pagawéan imah; 8) Junun kana sakola; 9) Umur nu masih kénéh butuh perhatian ti indung jeung bapa; 10) *intropesi diri*; 11) miboga rencana pikeun ngahontal tujuanna; jeung 12) panceg dina niat.

Lian ti éta, karakteristik ditilik tina usaha subjék nu patali jeung poténsial jasmani jeung rohani. Kapanggih aya hiji karakteristik dina usaha subjék nu patali jeung poténsial jasmani rohani, nyaéta resep ngasah diri. Dina ieu hal, ditembongkeun ku palaku utama nyaéta Pohaci nu sok nalar Quran.

Ajén atikan karakter mangrupa tarékah pikeun nerapkeun ajén-ajén positif dina ngaronjatkeun ajén diri manusa nu hadé laku-lampahna. Dina hasil analisis data kapanggih aya 16 ajén atikan karakter bangsa, nyaéta: 1) *religius*; 2) *jujur*; 3) *toleransi*; 4) *disiplin*; 5) *kerja keras*; 6) *kreatif*; 7) *mandiri*; 8) *demokratis*; 9) *rasa ingin tahu*; 10) *menghargai prestasi*; 11) *bersahabat/komunikatif*; 12) *cinta damai*; 13) *gemar membaca*; 14) *peduli lingkungan*; 15) *peduli sosial*; 16) *tanggung jawab*. Anapon dua ajén atikan karakter anu teu muncul téh nyaéta ajén atikan karakter *cinta tanah air* jeung ajén atikan karakter *semangat kebangsaan*.

Tina 16 ajén atikan karakter nu kapanggih, nu domianan kagambankeun téh nyaéta ajén atikan karakter *reigius*. Sabab mémang dina novelét *Pohaci Nawang Wulan* aya dina mangsa bulan puasa jeung lebaran haji. Éta hal ngarojong pisan kana naon anu ku palaku lakonan, saperti ngaji, solat tarawéh, jeung puasa.

Jadi, sabada dipaluruh jeung dianalisis ahirna bisa dicindekkeun yén ieu panalungtikan téh miboga struktur carita nu lengkep, ti mimiti témania, fakta carita, jeung sarana sastrana. Saterusna karakteristik tokoh dumasar psikologi perkembangan ogé kawilang lengkep, bisa disebutkeun yén Pohaci ngalaman proses psikologi perkembangan anu saluyu jeung umurna. Salian ti éta, ajén atikan nu nyampak dina ieu novelét kawilang euyeub, ieu novelét sacara atikan mah pantas pikeun dibaca ku barudak.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis nu geus dilaksanakeun. Ieu panalungtikan téh miboga implikasi pikeun sababaraha pihak, nyaéta: *kahiji*, pikeun panalungtik, bisa ngajembaran élmu pangaweruh tina élmu atawa tiori nu digarap, bisa nyangking data ngeunaan karakter budak dumasar psikologis perkembangan jeung ajén atikan karakter. *Kadua*, pikeun masarakat, ajén atikan karakter nu nyampak bisa ditulad ku barudak jeung kolot bisa leuwih maham kana prosés psikologi perkembangan barudak. *Katilu*, pikeun paguron luhur tempat panulis kuliah, ieu panalungtikan mudah-mudahan bisa nambahán *referensi* dina mata kuliah sastra anak. *Kaopat*, pikeun mahasiswa, jadi bahan pustaka dina panalungtikan-panalungtikan nu satuluyna.

5.3 Rékomendasi

Sabada panalungtikan ngeunaan karakter tokoh dumasar psikologi perkembangan jeung ajén atikan karakter dina novelét *Pohaci Nawang Wulan* karya Ai Rohmawati dilaksanakeun, panalungtik ngarasa perlu nepikeun sababaraha rékomendasi pikeun pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, sangkan leuwih gemet deui nalungtik perkara psikologi sastra jeung ajén atikan karakter.

Kahiji, dipiharep bisa ngajembaran perkara sumber-sumber paélmuan nu bisa méré mangpaat nu leuwih pikeun jalma réa. *Kadua*, ieu panalungtikan téh masih kénéh aya kakurangannana, pikeun panalungtik saterusna dipiharep bisa leuwih neuleuman deui atawa leuwih maham ngeunaan élmu psikologi sastra hususna psikologi perkembangan jeung ajén atikan karakter bangsa sarta patalikeun deui leuwih jero jeung ajen-ajen karakter nu nyampak dina kahirupan budak jaman kiwari.